UDK 576.895

# QARAQALPAQSTAN ShARAYATÍNDA QAMÍS PÍShÍĞÍ *FELIS CHAUS* NEMATODA KLASÍ GELMINTOFAUNASÍ

**Kongratbaeva Paruaz Oserbaevna** – *student*
pkongratbaeva@gmail.com
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogika institutı*

# ГЕЛЬМИНТОФАУНА КЛАССА НЕМАТОД FELIS CHAUS КАМЫШОВОЙ КОШКИ В УСЛОВИЯХ КАРАКАЛПАКСТАНА

**Конгратбаева Паруаз Осербаевна** – *студент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# HELMINTOFAUNA OF THE FELIS CHAUS NEMATODA CLASS IN THE CONDITIONS OF KARAKALPAKSTAN

**Kongratbaeva Paruaz Oserbaevna** – *student*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** gel'mint, tip, sinf, oila, avlod, oraliq xo'jayin, zooantroponoz.

**Rezyume.** Qamush mushugida 14 turdagi nematoda sinfiga mansub gel'mintlar ro'yxatga olindi. Ular 1 tip, 1 sinf, 6 turkum, 10 oila, 11 avlodga tegishli ekenligi ma'lum bo'ldi. Tadqiqodlar natijasida, tekshirilgan 19 nusxa dala mushuklarida 14 turdagi nematoda sinfiga mansub gel'mintlar bilan zararlanganlik kuzatildi.

**Ключевые слова:** гельминт, тип, класс, семейство, род, промежуточный хозяин, зооантропоноз.

**Резюме.** У тростниковой кошки зарегистрировано 14 видов гельминтов, относящихся к классу нематод. Они относятся к 1 типу, 1 классу, 6 отрядам, 10 семействам, 11 родам. В результате исследований у 19 исследованных образцов полевых кошек наблюдалось заражение гельминтами, относящимися к 14 видам класса нематод.

**Key words:** helminth, type, class, family, genus, intermediate host, zooanthroponosis.

**Summary.** 14 species of helminths belonging to the class of nematodes were recorded in the reed cat. They belong to 1 type, 1 class, 6 orders, 10 families, and 11 genera. As a result of the research, 19 field cats were infected with 14 species of helminths belonging to the class of nematodes.

**Kirisiw.** Sońǵı jılları Qaraqalpaqstan sharayatında qamıs pıshıǵı *Felis chaus* Gueldenstaedt, 1776 sanınıń keskin asıwı kózge taslanbaqta. Qamıs pıshıǵı *F.chaus* tiykarınan xalıq jasawshı aymaqlarǵa jaqın aralıqlarda keń tarqalǵan jabayı jırtqısh sút emiziwshi haywanlardan sanaladı. Demek, qamıs pıshıǵınıń bunday jasaw forması úy haywanları menen gelmintoz keselliklerdiń almasıwında tiykarǵı buwın wazıypasın atqaradı. Úy haywanları bolsa adamlar menen eń jaqın aralıqta bolǵanlıǵı sebepli, xalıq jasawshı aymaqlarda qáwipli antropozoonoz invaziyalarınıń tarqatıwshısı hám topraqlardı pataslawshı tiykarǵı derek bolıwı sózsiz. Úy hám jabayı sút emiziwshi haywanlar gelmintlerdiń tiykarǵı xojayinleri esaplanıp, gelmintlerdiń jınısıy er jetken hám lichinkaları adamlarda, úy haywanlarında hámde quslarda parazitlik etedi [1, 4].

Qamıs pıshıǵı *F.chaus* adamlar hám úy haywanlarında parazitlik etiwshi kóplep gelmint túrleriniń tiykarǵı xojayinlerinen biri esaplanadı. Sonıń ushın da qamıs pıshıǵı *F.chaus* gelmintofaunasın úyreniw házirgi kúnde ilimiy hám ámeliy tárepten úlken áhmiyetke iye.

**Izertlew materialları hám usılları.** Alıp barılǵan izertlew jumısları tiykarınan 2024-2026-jıllar dawamında hár túrli máwsimlerde belgilengen marshrutlı baǵdarlar tiykarında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń hár túrli aymaqlarında alıp barıldı. Izertlewler dawamında akademik Skryabinniń tolıq hám tolıq bolmaǵan gelmintologiyalıq jarıp kóriw usılı menen 39 nusxa qamıs pıshıǵı *F.chaus* tekserildi hám olarda 19 pıshıqlar gelmintler menen zıyanlanǵanı belgili boldı 48,7% [6]. Anıqlanǵan gelmint túrleri klasslarǵa ajıratılıp, trematoda, cestoda hám akantocefala klasslarına tiyisli gel'mintler 70% hám 96% spirtte, nematoda klasına tiyisli gelmint túrleri bolsa Barbagallo suyıqlıqlarında fiksaciyalandı hám etiketkalar jabıstırılıp barıldı hám de gelmint túrlerin anıqlaw jumısları Ájiniyaz atındaǵı NMPI Eksperimental biologiyalıq izertlewler laboratoriyasında ámelge asırıldı. Belgilengen usıllar hám ilimiy maǵlıwmatlar járdeminde gelmintlerdiń túrleri anıqlandı [1, 5, 6].

**Nátiyjeler hám talqılaw.** Qaraqalpaqstannıń hár túrli aymaqlarında alıp barılǵan izertlewlerimiz nátiyjelerine kóre, gelmintologiyalıq tekserilgen 39 nusxa qamıs pıshıǵı *F.chaus* 19 nusxası gelmintler menen zıyanlanǵanı gúzetildi 48,7%. Olarda 14 túr nematoda klasına tiyisli bolǵan gelmintler dizimge alındı, 1 tip, 1 klass, 6 otryad, 10 tuqımlas, 11 tuwısqa tiyisli ekeni belgili boldı [1].

Nemathelminthes Schneider, 1873 tip
Nematoda Rudolphi, 1808 klass
Trichocephalida Skrjabin et Schulz, 1928 otryad
Capillariidae Neveu-Lemaire, 1936 tuqımlas
*Thominx* Dujardin, 1845 tuwıs

**1. *Thominx aerophilus* Creplin, 1839**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı *F.chaus*
Lokalizaciya: traxeya hám bronxlar.
Aralıq xojayin: jawın qurtları [4].

Invaziya ekstensivligi: tolıq gelmintologiyalıq tekseriwden ótkerilgen 39 qamıs pıshıǵınan 2-5,1 % zıyanlanǵanı gúzetildi.

Invaziya intensivligi: 1 - 3 nusqa.
Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.
Dioctophymida Skrjabin, 1927 otryad
Dioctophymidae Railliet, 1915 tuqımlas
*Dioctophyma* Collet-Meygret, 1802 tuwıs

**2. *Dioctophyma renale* Goeze, 1782**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı
Lokalizaciya: bóteke, qarın boslıǵı.

Aralıq xojayin: E.M.Karmanovanıń [2] maǵlıwmatlarına qaraǵanda oligoxetlar aralıq xojayin, balıqlar rezervuar xojayin wazıypasın atqaradı.

Invaziya ekstensivligi: tolıq gelmintologiyalıq tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 5-7,7% zıyanlanǵanı anıqlandı.

Invaziya intensivligi: 2-3 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Strongylida Railliet et Henry, 1913 otryad

Ancylostomatidae Looss, 1905 tuqımlas

*Ancylostoma* Dubinin, 1843 tuwıs

**3. *Ancylostoma caninum* Ercolani, 1859**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: jińishke hám juwan ishekler.

Invaziya ekstensivligi: tolıq gelmintologiyalıq tekseriwden ótkerilgen 39 qamıs pıshıǵınan 2-5,1 % gelmintler menen zıyanlanǵanı anıqlandı.

Invaziya intensivligi: 2-5 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

*Uncinaria* Froelich, 1789 tuwıs

**4. *Uncinaria stenocephala* Railliet, 1854**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: jińishke hám juwan ishekler.

Invaziya ekstensivligi: tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 4-10,2 % zıyanlanǵanı gúzetildi.

Invaziya intensivligi: 4-18 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Crenosomatidae Schulz, 1951 tuqımlas

*Troglostrongylus* Vevers, 1922 tuwıs

**5. *Troglostrongylus badanini* Muminov, 1964**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: bronxlar.

Invaziya ekstensivligi: tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 2-5,1 % zıyanlanǵanı anıqlandı.

Invaziya intensivligi: 2-4 nusxa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdár'ya deltası.

Ascaridida Skrjabin et Schulz, 1940 otryad

Ascaridae Baird, 1853 tuqımlas

*Toxascaris* Leiper, 1907 tuqımlas

**6. *Toxascaris leonina* Linstow, 1902**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: asqazan, jińishke ishek.

Invaziya ekstensivligi: tolıq gelmintologiyalıq tekseriwden ótkerilgen 39 qamıs pıshıǵınan 9-23,1 % zıyanlanǵanı anıqlandı.

Invaziya intensivligi: 4-56 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Anisakidae Skrjabin et Karokhin, 1945 tuqımlas

*Toxocara* Stiles, 1905 tuwıs

**7. *Toxocara canis* Werner. 1782**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: asqazan, qarın boslıǵı, jińishke hám juwan ishekler.

Invaziya ekstensivligi: tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 11-28,2 % gel'mintler menen zıyanlanǵanı gúzetildi.

Invaziya intensivligi: 3 - 91 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

**8. *Toxocara mystax* Zeder, 1800**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: jińishke ishek, asqazan hám qarın boslıǵı.

Invaziya ekstensivligi: tolıq gelmintologiyalıq tekseriwden ótken 39 qamıs pıshıǵınan 10-25,6 % zıyanlanǵanı gúzetildi.

Invaziya intensivligi: 3-43 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Oxyurida Skrjabin, 1923 otryad

Subuluridae Yorke et Maplestone, 1926 tuqımlas

*Oxynema* Linstow, 1829 tuwıs

**9. *Oxynema numidica* Seurat, 1915**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: jińishke ishek.

Invaziya ekstensivligi: tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 6 - 15,3 % zıyanlanǵan.

Invaziya intensivligi: 4-15 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Spirurida Chitwood, 1933 otryad

Spiruridae Oerley, 1885 tuqımlas

*Vigisospirura* Petrow et Potekina, 1953 tuwıs

**10. *Vigisospirura potekhini* Petrow et Potekina, 1953**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: asqazan hám qızıl óńesh.

Aralıq xojayın: [1, 5] maǵlıwmatlarına qaraǵanda qara deneli qońızlar (*Blaps fausti bactriana, Trigonocelis gemmulata, T.ceromatica, Pachyscelih banghaasi, P.Laevicollis* h.b.) hám tezek qońızları (*Scarabaeus sacer*) aralıq xojayın wazıypasın atqaradı.

Invaziya ekstensivligi: tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 2 - 5,1 % zıyanlanǵan.

Invaziya intensivligi: 2 - 4 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Physalopteridae Leiper, 1908 tuqımlas

*Physaloptera* Rudolphi, 1819 tuwıs

**11. *Physaloptera praeputiale* Linstow, 1888**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: asqazan hám jińishke ishek.

Aralıq xojayın: hár túrdegi qońızlar [1, 5].

Invaziya ekstensivligi: tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 6 - 15,3 % zıyanlanǵanı gúzetildi.

Invaziya intensivligi: 4-17 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdár'ya del'tası.

**12. *Physaloptera sibirica* Petrow et Gorbunow, 1931**

Tiykarǵı xojayin: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: asqazan hám jińishke ishek.

Aralıq xojayın: hár túrdegi qońızlar [3].

Invaziya ekstensivligi: tolıq gelmintologiyalıq tekseriwden ótkerilgen 39 qamıs pıshıǵınan 5-12,8 % zıyanlanǵanı anıqlandı.

Invaziya intensivligi: 3-21 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Rictulariidae Railliet, 1916 tuqımlas

*Rictularia* Froelich, 1802 tuwıs

**13. *Rictularia affinis* Jagerskiold, 1904**

Tiykarǵı xojayın: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: jińishke hám juwan ishek.

Aralıq xojayın: qońızlar, tarakanlar [5].

Invaziya ekstensivligi: tekserilgen 39 qamıs pıshıǵınan 5 – 12,8 % zıyanlanǵanı anıqlandı.

Invaziya intensivligi: 3-17 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdár'ya deltası.

**14. *Rictularia cahirensis* Jagerskiold, 1904**

Tiykarǵı xojayın: qamıs pıshıǵı

Lokalizaciya: jińishke hám juwan ishek.

Aralıq xojayın: qońızlar, tarakanlar [5].

Invaziya ekstensivligi: tolıq gelmintologiyalıq tekseriwden ótkerilgen 39 qamıs pıshıǵınan 4-10,2 % zıyan.

Invaziya intensivligi: 2-11 nusqa.

Anıqlanǵan ornı: Ámiwdárya deltası.

Izertlewler nátiyjelerine kóre Qaraqalpaqstan Respublikası Ámiwdáriya deltası aymaqlarınan jabayı jırtqısh sút emiziwshi qamıs pıshıqları ortasında nematoda klasına tiyisli bolǵan 14 túrdegi gelmintler dizimge alınǵan bolıp, olar 1 tip, 1 klass, 6 otryad, 10 tuqımlas, 11 tuwısqa tiyisli ekeni belgili boldı. Olardan 5 túri biogelmintler toparına tiyisli bolsa qalǵan 9 úri giogel'mintler toparına tiyisli ekeni belgili boldı [1].

Biogelmintlerdiń rawajlanıw cikllerinde aralıq xojayın wazıypasın cikloplar, oligoxetlar, buwın ayaqlılardıń hár túrli wákilleri, saqıynalı qurtlar, balıqlar hám hár túrdegi qan sorıwshı shıbınlar atqaradı [1].

**Juwmaq.** Qaraqalpaqstanda Ámiwdáriya deltası aymaqlarında qamıs pıshıqları ústinde gelmintologiyalıq tekseriwler birinshi márte ámelge asırıldı. Qamıs pıshıǵı, úy hám jabayı sút emiziwshi haywanları arasında, sonıń ishinde úy pıshıqları ushın kóplegen gelmint invaziyalarınıń tiykarǵı qozǵatıwshılarınan biri esaplanadı [1, 5].

Bunday jaǵdaylarda adamlar sanitar gigienalıq qaǵıydalarǵa tolıq ámel etiwi lazım, dep esaplaymız. Úy pıshıǵın saqlaytuǵın hár bir xojalıq óz waqtında pıshıqlardı veterinariya kóriginen ótkerip turıwı tiyis, sonda adamlar hám úy haywanlarınıń gelmint infekciyaları menen zıyanlanıwınıń belgili dárejede aldın alǵan boladı [1, 5, 6].

**Ádebiyatlar**

1. Бердибаев А.С. Қорақалпоғистон йиртқич сут эмизувчилари (Mammalia: Carnivora) гельминтлари.: Дисс. … био. фан. фалсафа. докт. (PhD) – Нукус: 2021.

2. Карманова Е.М. Диоктофимиден животных и человека и вызываемые ими заболевания. «Основы нематодологии». 20. – Москва: «Наука», 1968.

3. Кабилов Т.К. Гельминты позвоночных животных Узбекистана, развивающиеся с участием насекомых. – Ташкент: «Фан», 1983.

4. Котельников Г.А. Гельминтологические исследования животных и окружающей среды. – Москва: «Колос», 1984.

5. Козлов Д.П. Определитель гельминтов хищных млекопитающих СССР. – Москва: «Наука», 1977.

6. Скрябин К.И. Методы полных гельминтологических вскрытий позвоночных, включая человека. – Москва: МГУ, 1928.